*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 136 (25865)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 29 июл — сусæны мæйы 29 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХЪÆУУОН ХÆДЗАРАД
*Зындзинæдтæ ницæмæ даргæйæ*

3 ЮБИЛЕЙ
*Мæхи тыд, мæхи тынд...*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Æппæтуæрæсеон конкурс**

## Хуыздæрты æмрæнхъ

**Конкурс "Уæрæсейы раззагдæртæ"-йы фæндзæм сезоны архайджытæ хъуамæ сæхи равдисой социалон-экономикон лыггæнинаг фарстатæ иуварс кæныны хъуыддаджы ног регионалон къæпхæны. Архайдзысты дзы æхсæз адæймаджы Цæгат Ирыстонæй. Хуыздæр проекттимæ конкурсы архайджытæ базонгæ кæндзысты республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ æмæ фæстæдæр сæ куыст царды рауадзыны архайдзысты.**

Конкурсы регионалон къæпхæн райдыдта 24 июлы.

Конкурс "Уæрæсейы раззагдæртæ"-йы архайынц æртæ мин адæймагæй фылдæр бæстæйы æппæт регионтæ æмæ, æнтыстджынæй йæ зонындзинæдтæ чи бавдыста дæрддзæг къæпхæны контролон тестытæ саразгæйæ, уыдон 23 паддзахадæй. Конкурс рамбулджыты 'хсæн ис æхсæз адæймаджы медиа, ахуырады, базарады, фæсивæдон политикæйы архайджытæ Цæгат Ирыстонæй.

"Кæд регионалон къæпхæн æнæмæнг ацæуын хъæуы, уæддæр йæ бæрæггæнæнтæ архайджыты сæрмагонд рейтингыл нæ фæзындзысты. Ацы фæлварæн конд у, цæмæй раззагдæртæ базонгæ уой хицауадимæ бынæтты, уыдон та сын сæ арæхстдзинад æмæ зонындзинæдтæм æркæсдзысты æмæ дзы равзардзысты хуыздæрты, курдиатджындæрты. Ахæм хæс йæ размæ æвæры конкурсы программæ. Иннæ ахæм — регионтæй архайджытæ кæрæдзийы хуыздæр базондзысты. Æмæ сын уый фæахъаз уыдзæн сæ архайды дарддæры къæпхæнты дæр æмæ царды дæр, — зæгъы конкурс "Уæрæсейы раззагдæртæ"-йы экспертон советы сæрдар **Павел Безручко**.

Ацы конкурс арæзт æрцыд 2017 азы Уæрæсейы Федерацийы Президент В.В.Путины фæдзæхстмæ гæсгæ. 2023 азы апрелы райдыдта проекты фæндзæм рад. Æдæппæтæй та йæ райдайæнæй нырмæ ардæм милуан куырдиатæй фылдæр æрбацыд дунейы 150 бæстæйæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Цæгат Ырыстон — Запорожьейы облæст**

# Боны фæткы — Черниговы районæн æххуыс

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО Хицауады уæнгтæн цы уæрæх æмбырд сарæзта, уым профилон ведомствæты разамонджытæн бæлвырд амынддзинæдтæ радта Уæрæсейы ног регион — Запорожьейы облæсты Черниговы районы социалон-экономикон инфраструктурæйы объекттæ баныввыл кæныны фæдыл.**

Зындгонд куыд у, афтæмæй æрæджы Цæгат Ирыстон æмæ Запорожьейы облæсты 'хсæн фидаргонд æрцыд Æмгуыстады бадзырд. Уыцы бадзырды быдурыл дыууæ регионы 'хсæн рапарахат уыдзæн базарадон-экономикон, наукон-техникон æмæ культурон æмархайд. Уыимæ, РЦИ-Алани æмцегад кæндзæн амынд облæсты Черниговы районыл — республикæ йæхимæ райста муниципалон сконды социалон-экономикон структурæ сног кæныны хæс.

Æмбырды райдайæны Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Черниговы районы инфраструктурон объекттæ баныввыл кæныны нысанимæ арæзт æрцыд сæрмагонд мадзæлтты пълан. Уый быдурыл Цæгат Ирыстон районæн æххуыс кæндзæн цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ ахуырадон



кусæндæтты, стæй автомобилон фæндæгты цалцæджы. Уымæй уæлдай, профилон республикон ведомствæ Черниговы районæн баххуыс кæндзæн скъолаты ахуырадон-хъомыладон архайд сног кæныны хъуыддаджы. Уыимæ, амынд район фæззæджы-зымæджы уавæрты куыстмæ бацæттæ кæныны бæрндзинад комкоммæ æвæрд æрцыд РЦИ-Аланийы Хицауадыл.

— Æппæт профилон ведомствæты минæвæрттæй дæр курын, цæмæй Запорожьейы облæсты Черниговы районы социалон-экономикон инфраструктурæйы нывыладмæ сæрмагонд æргом аздахой. Зæрдыл дарын хъæуы, амынд районы цæрджытæ тыхст уавæрты кæй бахаудысты æмæ сын æххуыс кæнын кæй хъæуы, уый. Ныридæгæн уал районы муниципалитетты бæлвырд цалцæггæнæн куыстытæ райдыдтой. Фæлæ саразинаг хъуыддæгтæ нырма фылдæр сты. Æппæт хъарутæй дæр бацархайын хъæуы, цæмæй, Цæгат Ирыстон æмцегад цы запорожьейаг районыл кæны, уый цæрджытæ сæхиуыл банкъарой зæрдиаг аудынад. Æппæт нысангонд куыстытæн дæр нырыдæгæн сæ бюджеттæ бæлвырдгонд æрцыдысты. Куыстыты пълан дæр фидаргонд у — хъæуы йæ къæпхæнгай æххæст кæнын, — бацамыдта Сергей Меняйло.

Æмбырды архайджытæ æркастысты æндæр фарстатæм дæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Федералон программæйы фæлгæты**

## Уæлæмхасæн бæстыхай — центр "Рæдау зæрдæ"-йы

**Æнахъомты социалон реабилитацийы республикон центр "Рæдау зæрдæ"-йы тагъд рæстæг арæзт æрцæудзæн уæлæмхасæн цæрæн бæстыхай.**

Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ**.

Министры ныхасмæ гæсгæ, Уæрæсейы Рухсады министрад хорзыл банымадта, республикæйы амынд реабилитацион центры ног уæлæмхасæн бæстыхай саразыны фæдыл куырдиат. Амынд проект æххæстгонд æрцæудзæн нысанмæарæзт сæрмагонд федералон программæтæй иуы фæлгæты. Центры ног бæстыхай саразынæн нысангонд цæуы 28 милуан сомы бæрц. Цæттæ хæйттæй цыбыр рæстæгмæ цы агъуыст саразой, уым уыдзæн 50 цæрæн бынаты.



"Кæй зæгъын æй хъæуы, реабилитацион центры уæлæмхасæн ног бæстыхай арæзт куы 'рцæуа, уæд уым фылдæр фæзындзæн æнахъомтæн социалон лæггæдтæ бакæныны фадат", — бафиппайдта Алинæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Æхсæнад**

## Сæрдыгон скъолайы архайджытæн

"Мæскуыйы Дунеон ахастдзинæдты паддзахадон институты сæрдыгон скъола"-йы архайджытæн æрæджы национ музейы арæзт æрцыд культурон сесси "Осетия — в глобальной истории".

Фæсивæдæн алыхуызæн цымыдисаг хабæрттæ радзырдтой историон наукæты доктор **Бзарты Руслан**, республикæйы культурæйы министры хæдивæг **Хъуыссæты Зæлинæ**, литературон журнал "Дарьял"-ы сæйраг редактор **Цхуырбаты Алан**. Фæсивæд базыдтой, чи сты алантæ, куыд цардысты нæ ирон адæм, Аланыстоны историйæ скъуыддзæгтæ, цы нысан кæнынц æртæ чъиригйы æмæ цæмæн фæкæнынц æртæ æртæдзыхоны æмæ ма бирæ æндæр хабæрттæ. Журнал "Ногдзау"-ы сæйраг редактор **Сæлбиты Дианæ** та сын радзырдта, ирон æвзаджы дамгъуат уырыссагæй цæмæй хицæн кæны, уый тыххæй.

— Ацы культурон сесси конд æрцыд Мыхуыры фæрæзтæ æмæ дзыллон коммуникациты комитет æмæ Культурæйы министрады хъæппæрисæй. Зæгъдзынæн, зонадон-ирхæфсæн мадзал кæй у, уый. Национ музейы йæ скодтам уый тыххæй, æмæ ам алы культурон æвдисæнтæ адæймаджы хайджын кæнынц сæ тых æмæ сæ хъомысæй, — загъта Мыхуыры фæрæзтæ æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдары хæдивæг **Габалты Мæдинæ**.

Афтæмæй ма студенттæн равдыстой документалон кинонысв. Тынг æхсызгон æмæ зæрдæмæдзæугæ сын уыд уыцы мадзалы архайын.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

**Бынæттон хиуынаффæйад**

## Аивгæнæн куыстытæ

**Дзæуджыхъæуы Къесаты Колкайы æмæ Зоя Космодемьянскаяйы уынгты тигъыл Терчы былгæрæттæм æвваxc ран парахатæй цæуынц фæлладуадзæн тæлм аив кæныны куыстытæ.**

Бирæ азты дæргъы ам цалцæггæнæн куыстытæ æххæстгонд нæ цыдысты. Уынгтæ рухсгæнæн цырæгътæ нывыл нæ сыгъдысты, фæндæгты асфальт уæлцъар рауууатмæ 'рцыд, базарадон ларектæ базæронд сты.

Проектмæ гæсгæ, Терчы былгæрæтты фæлладуадзæн тæлмы фæзындзысты сывæллæтты хъазæн фæзтæ. Ам æрæвæрдзысты ног фæхсбандæттæ æмæ урнæтæ, стæй дзы уынгты рухскæнынады цæджындзтæ æрфидар кæндзысты. Ныртæккæ ам фистæг бæлццæтты фæндæгтæн бындур цæттæ кæнынц. Зæронд базарадон ларектæ иуварсгонд æрцыдысты, ног ларектæй та тыгъдад сфидаудзæн.



Æппæт амалиуæггæнджытæ ам дарддæр кусдзысты. Æдæппæт нырыккон фæлладуадзæн тæлмы 4 мин квадратон метры ахсæг фæзуат нывылгонд æрцæудзæн.

**Нæ уацхæссæг**

**Парламентæй**

# Театралон цæдисы уæнгтимæ фембæлд



**РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз фембæлд Цæгат Ирыстоны Театралон архайджыты цæдисы уæнгтимæ æмæ æрныхас кодта театралон аивады райрæзты гæнæнтыл. Нырыккон царды сфæлдыстадон цæдисты ахадындзинад, театры куысты ног хуызтæ, репертуартыл бакуыст æмæ фæлтæрдджын кусджытæн алывæрсыг æххуысыл цыд ныхас.**

Парламенты Сæрдар фæнысан кодта, нырыккон дунейы театралон аивадæн цы стыр ахадындзинад ис, уый. "Театр хъæздыг кæны адæймаджы миддуне, кæны хъомыладон куыст. Театралон цæдис у бæрзонд интеллектуалон æмвæзад, йæ ахадындзинад хæццæ кæны царды æндæр къабæзтæм дæр. Культурæйы райрæзт комкоммæ баст у паддзахады райрæзтимæ".

Тускъаты Таймураз фехъусын кодта, национ проектты быдурыл нæ республикæйы хъæутæ æмæ горæтты культурон артдзæстытæ цалцæггонд кæй æрцæуыдзысты, уый. Кæмдæрты та сарæзтой ног бæстыхæйттæ. "Цæмæй нæм æнæниз, цардбæллон, хъуыды кæнын æмæ йæхиуыл кусын кæй фæнды, ахæм æхсæнад уа, уый тыххæй хъуамæ рæзгæ фæлтæр, фæсивæд тырной бæрзонд аивадмæ".

Фембæлды архайджытæ загътой сæ хъуыдытæ, сæ фиппаинæгтæ.

"Дыууадæс азы размæ Театралон архайджыты цæдисы сæргъы куы 'рлæууыдтæн, уæд 58 адæймаджы уыдыстæм, ныр та — 350 стæм, — загъта цæдисы сæрдар, Уæрæсейы сгуыхт артист **Гуыбиаты Хъазыбег**. — Нæ бæстæйы театралон цæдисты 'хсæн нымад стæм хуыздæрты æмрæнхъ. Инклюзивон æмæ адæмон театртæм стыр æргом здахæм, ис нæм бирæ хихъæппæрисадон, скъолаты æмæ студентты театртæ дæр, æнæрынцойæ архайæм, нæ фæлтæрддзинад, зонындзинæдтæ цæстуарзонæй лæвар кæнæм. Фæлæ ис ахæм хъуыддæгтæ, паддзахадон цæстдард кæмæ хъæуы. Ныфс нæ ис, абоны фембæлд нæ æнтыстджын æмгуыстадæн йæ райдайæн кæй уыдзæн, уымæй", — загъта Хъазыбег.

Парламенты Сæрдар рагагъоммæ фехъусын кодта, фæззæджы Ирыстоны æппæт сфæлдыстадон цæдистæн иумæйаг æмбырд саразынмæ кæй хъавынц, уыцы хабар.

Кæронбæттæны Театралон архайджыты цæдисы уæнгтæн сæ бирæ азты иузæрдион фæллойы тыххæй æмæ ирон "Нартиадæ"-йы азы номыл бæрæгбæтты активон архайды тыххæй радтой Парламенты Кады гæххæттытæ.

**РЦИ-Аланийы Парламенты пресс-службæ**

## Дзырды фарн

*Уарзгæ чи кæны,*
*уый йæхæдæг*
*дæр у уарзыны аккаг.*

*БАРАХЪТЫ Гино*

Боныхъæд — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **29 июлы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **24-29 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **24-26 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 14,34. **Хурыскаст** — 04,50; **Хурныгуылд** — 19,24

Валютæйы аргъ: **Доллар** — 91,17 ↑; **Евро** — 100,42 ↑

12+

Куыд нын лæггад кæнынц

# Адæймаджы бартæ хъахъхъæнынæн

**УФ-йы Паддзахадон юридикон бюро афæдзы ‘рдæгæй фылдæр нæма кусы, афтæмæй ныры онг нæ къухы бирæ æнтыстдзинæдтæ бафтыд. Ацы организацийæн бындур æвæрд æрцыд адæмæн лæвар юридикон æххуыстæ кæныны, сæ бартæ сын хъахъхъæныны фæдыл.**

Ацы азы æмбисы дæргъы бюромæ куырдиæттæ æрбацыд Цæгат Ирыстоны 934 адæймагæй. Уымæй уæлдай, барадон консультацитæ æмæ хъæугæ гæххæттытæ райстой 127 адæймаджы. Ацы фарстайы фæдыл гæххæттытæ 2022 азы та æдæппæтæй сарæзтам 48 адæймагæн. Фаронимæ абаргæйæ, кæй зæгъын æй хъæуы, абоны нымæцтæ æнтыстджын бæрæггæнæнтæ сты.

Паддзахадон юридикон бюро архайы адæмы интерестæ тæрхондæтты дæр бахъахъхъæныныл. Афтæмæй бюро тæрхондоны 23 хъуыддаджы ацы аз бахъахъхъæдта, ивгъуыд азы та архайдта 9 процессы.

Консультациты фæрцы Паддзахадон юридикон бюро баххуыс кодта 251 адæймагæн, 2022 азы та— 241 адæймагæн. Бюройы кусджытæ консультацитæ скæныны тыххæй ацыдысты Елхот, Сырх-Дыгур, Змейкæ, Дигора, Рæмоны-фырты хъæу, Уæллаг æмæ Дæллаг Саниба, Ногхъæу, Уæллаг Бирæгъзæнг, Даргъ-Къох, Къора-Урсдон, Комгæрон, Лескен, Камбилеевкæ, Брут, Зилгæ, Красногор, Æхсæрысæр, Цæлыкк, Сечер æмæ Мустыздæхы, йæхи бон ссæуын кæмæн нæу, ахæм адæймæгтæм.

Уымæй уæлдай, ахæм кусæг балцытæ сарæзтой социалон хъахъхъæнынады фæдыл нæ республикæйы æппæт районты комплексон центрты дæр.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ, афæдзы æмбисы рæстæг юридикон бюройы кусджытæ информацион куыст сарæзтой сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæн дæр, бацамыдтой сын, сæ бартæ хъахъхъæныны фæдыл сын фадат кæй ис бюромæ куырдиæттæ æрбарвитынæн. Уыцы бинонтæ се ‘ппæт дæр бæрæггонд æрцыдысты, æмæ сын сарæзтой сæ номхыгъд.

Амынд организацийы архайд биноныг æвдыст цæуы нæ республикæйы дзыллон хабархæссæг фæрæзты. Газетты арæх амынд цæуы, бюройы "горячая линия" кæй хонынц, уыцы телефонтæ. РЦИ-Аланийы Фæллой æмæ социалон рæзты министрадимæ иумæ архайæм Федералон æмæ Республикон закъонтæм проекттæ æмæ бахæстгæнинаг фарстатæ цæттæ кæныны хъуыддаджы дæр. Æрæджы архайдтам æфсæддонтæ æмæ сæ бинонтæн æххуыс кæныны фарстаты фæдыл Уæрæсейы Юстицийы министрады видеоконференцийы.Нæ куыстæн стыр аргъ скодта РЦИ-Аланийы Парламент. Схорзæхджын нæ кодта Кады гæххæттæй

Афæдзы дыккаг æмбисы куысты пъланмæ бахастам, квалификацион-барадон æххуыстæ бакæныны, нæ республикæйы æппæт юридикон организацитимæ дæр æмгуыстады бадзырдтæ саразыны, социалон фарстаты, иуæй-иу къордты граждæнтæн фыццаградон æххуыстæ бакæныны фæдыл. Æппæт ацы фарстатæ сты нæ республикæйы цæрджыты конституцион бартæ æмæ интерестæ бахъахъхъæнынæн.

Паддзахадон юридикон лæггæдтæ лæвар райсыны фæдыл куырдиæттимæ æрбацæуæн ис мæнæ ацы адрисыл: **Дзæуджыхъæу, Осипенкойы уынг, 3 хæдзар. Телефон: 53-65-66.**

**ХЪАНТЕМЫРАТЫ Олег,**
**Паддзахадон юридикон бюройы директор**

Æркæсинаг фарста

# Интернатты трансформатортæ — республикæйы исбонадмæ

**Цыбыр рæстæгмæ интернаттæ ”Хæрзаудæн” æмæ ”Ныфс”-ы трансформаторон дæлстанцæтæ республикæйы исбонадмæ лæвæрд æрцæуæнт — ахæм хæс сæвæрдта Сергей МЕНЯЙЛО энергетикæйы фарстаты уынаффæгæнæг БАСИТЫ Аланæн.**



"Интернат "Хæрзаудæн"-ы сæргълæууæг ракуырдта Куысты æмæ социалон рæзты министрадæй, цæмæй трансформаторон дæлстанцæ республикæйы исбонадмæ радтой. Министры хæдивæджы дзуапп нæм раст нæ кæсы. Интернат "Ныфс" дæр дыууæ хатты уыцы фарста сæвæрдта ацы министрады размæ, фæлæ йын дзуапп нæ радтой. Уый афтæ æмбарын хъæуы, махмæ интернаты æмæ иннæ структурæты ис электриктæ æмæ фæрæзтæ трансформаторон хæххытæ дарынæн.

Паддзахадон унитарон куыстуатимæ бацархайут цыбыр рæстæгмæ интернаты трансформаторон дæлстанцæ республикæйы исбонадмæ радтыныл", — загъта Сергей Меняйло. Республикæйы Сæргълæууæг ма бахæс кодта Куысты æмæ социалон рæзты, Æнæниздзинад хъахъхъæнынады, Ахуырад æмæ наукæйы министрадтæн, раздæр цы исбонадыл цыд ныхас, уый радтын, цæмæй йæм афойнадыл зылд цæуа.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Дыгуры районæй

# Æфсæддон операцийы архайджыты кадæн

**Горæт Дигорайы Гергиты Валерийы номыл культурæ æмæ фæлладуадзæн парчы уыд сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн баххуыс кæныны тыххæй хæрзаудæн концерт.**

Сæ аив зарджытæ дзы, ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл, акодтой Ирыстоны зындгонд вокалисттæ **Сохъырты Валери, Цæрикъаты Риммæ, Цыдаты Алан, Тауытты Арсен**, вокалон æмæ инструменталон къордтæ "Лескен" æмæ "Фыдæлты намыс"-ы архайджытæ.

Сæ курдиат дзы æмдзæвгæтæ аив кæсынæй æмæ зарынæй равдыстой Дыгуры районы Культурæйы галуаны методисттæ **Цакъоты Эдуард, Къорнаты Дианæ** æмæ **Колыты Светланæ**.



Ацы районæй сæрмагонд операцийы чи архайы, уыдоны цард æмæ æфсæддон сгуыхтдзинæдты тыххæй бæлвырд радзырдтой Дыгуры районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг **Туккаты Рустам**, "Стыр Ныхас"-ы советы сæрдар **Дзагуырты Атарбег** æмæ Дыгуры æмæ Æрæфы районты æфсæддон комиссар **Бичегкуты Руслан**.

Концерты рæстæг сценæйы уæрæх экраныл фенæн уыд сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты къамтæ. Арæзт та æрцыд Дыгуры районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы культурæйы хайад æмæ Фæсивæдон советы уæнгты хъæппæрисæй.

Концерты агъоммæ районы æхсæнадон архайджытæй иу, **Гозойты Гурамы** разамындæй, æфсæддон операцийы архайджытæн æрвыст æрцыд гуманитарон æххуыс.

**ГАСАНТЫ Валери**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Хорз фæндонæн — цард!

Басаты Барис Хæххон паддзахадон аграрон университеты ректор куы уыди, уæд мын бахæс кодта Куырттаты комы Брытъиаты Елбыздыхъойæн (Барис уыд Брытъиаты сиахс) цыртдзæвæн скæнын. Ууыл кусгæйæ, æз бахастон ахæм фæндон: "Цыртдзæвæны фæстæ хохы фахсыл трагеди "Амыран"-ы (Елбыздыхъойы хуыздæр уацмыс) сæйраг хъайтары сурæт саразын. Тынг бацин кодта Барис, фæлæ, дам, æй чысыл фæстæдæр скæндзыстæм. Цы сурæты эскиз скодтон, уый дæр йæ зæрдæмæ фæцыд.

Стыр хъыгагæн, Барисæн йæ фырт амард, ууыл нал уыдыстæм. Цасдæр рæстæджы фæстæ та йæхæдæг дæр йæ цардæй ахицæн.

Ацы хъуыды абон царды куы рацæуид, уæд Куырттаты ком туристтæн дæр ноджы диссагдæр, ноджы бæллиццагдæр суаид. Прометей — Амыраны Кавказы хæхты кæй байтыгътой, уый рагæй бæрæг у!

Ныр, йæ рæстæджы Барис Бештауы фырт йæ алыварс хъæппæрисджын адæмы куыд æрæмбырд кодта, афтæ исчи йæхимæ хæс куы райсид, уæд Куырттаты ком цас фæаивдæр уаид!

Барисмæ ма уыд ахæм фæнд дæр: талынг кæнын куы райдайы, уæд цы цырæгътæ ссудзынц сæхæдæг, ахæм цырæгътæ дзы сæвæрын, ком æдзухдæр рухс куыд уа, афтæ!

**ДЗБОЙТЫ Михал,**
**Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг**

***Редакцийæ:*** *Михалы æрмдзæфимæ Цæгат Ирыстоны аивадуарзджытæ хорз зонгæ сты. Дæрдтыл æххæссы йе сфæлдыстадон хъуыды, æдзух тырны бæллиццаг ногдзинæдтæм. Мæнæ ныр цы фæндон хæссы, уый царды рацыди, зæгъгæ, уæд Амыран-Прометейы сурæт суаид канд Куырттаты комы нæ, фæлæ æнæхъæн Ирыстоны диссагдæр зæрдылдарæн бынæттæй иу, йæ кой, бауырнæд уæ, дæрдтыл айхъуысид. Фæлæ, Михал йæхæдæг куыд зæгъы, хъæуы амалхъом, хъæппæрисджын адæмы ахадгæ ‘ххуыс. Брытъиаты Елбыздыхъойы уацмыс "Амыран" æнгом баст у рагон бердзенаг адæмы, Кавказы историимæ. Æмæ цæмæй ноджы диссагдæр суа, уый нæхицæй аразгæ у. Хорзæн кæрон нæй.*

Бастдзинад

# Сæрдыгон культурон-ахуырадон курсытæ

**Не ’мзæххонтæй æндæр бæстæты чи цæры, уыдонæн æрæджы нæ республикæйы байгом сты æмæ цæуынц сæрдыгон культурон-ахуырадон курсытæ ”Этнолагерь-2023”.**

Кусдзæн дыууæ афоны: фыццаг — сусæны мæйы 23-29 бонты, дыккаг та — майрæмы мæйы 6-12 бонты.

Ацы курсыты нысан у йæ архайджыты фыдæлты бынтæ, нæ адæмы культурæ, не 'гъдæуттимæ базонгæ кæнын æмæ сын се 'ргом аланты культурон æмæ историон бынтæм раздахын.

Программæмæ гæсгæ арæзт æрцыдысты æмæ цæудзысты зонадон экскурситæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы, фендзысты музейтæ, арæзт сын æрцæудзæн мастер-къластæ чъиритæ кæнынæй дæр, практикон ахуыртæ ирон æвзагæй, байхъусдзысты лекцитæм Ирыстоны истори æмæ культурæйæ.

Ацы аз "Этнолагерь-2023"-йы архайджытæ сты ирон фæсивæд Бельгийæ, Туркæй, Казахстанæй, Донецкы Адæмон Республикæйæ, Гуырдзыйæ, Хуссар Ирыстонæй, Мæскуыйæ, Новороссийскæй, Краснодар æмæ Республикæ Хъæрæсе-Черкесийæ.

Ацы мадзал арæзт цæуы "РЦИ-Аланийы гуманитарон бастдзинады рæзты æмæ фæсарæнты æмбæстонты æмархайд"-ы программæмæ гæсгæ.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

Фембæлд

# Уазджытæ — Севастополæй

**Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг таурæгъон тæхæг Дауыраты Илитæйы рухс ном ссарынæн хъырымаг Севастополæй делегаци Фарныхъæумæ æрбацыд. Ацы хабар фехъусын кодта паддзахадон телерадиокомпани ”Алани”.**



Амынд горæт хъахъхъæнæн хæстыты архайгæйæ, тæхæг-сылгоймаг дзы æвджид кæнын райдыдта чысыл **Валерий Волковыл**, æмæ афтæмæй Севастополь Илитæйæн нымад у йæ дыккаг райгуырæн бынатыл. Севастополы 42-æм скъолайы музей хæссы Валерийы ном.

Скъолайы музейы разамонæг æмæ ахуыры хайады сæргълæууæг Илитæйы райгуырæн хъæумæ æрбацыдысты фыццаг ирон тæхæг-сылгоймаджы хиуæттимæ хæстæгдæр базонгæ уæвынмæ æмæ Фарныхъæуы музейæн Валерий Волковы æфсæддон худ æмæ йæ бюст балæвар кæнынмæ. Илитæ хæсты рæстæг кæй ныффыста, уыцы текстæм гæсгæ чиныг куы рауадзой, уæд амынд къухфыстытæ севастопойлаг скъолайæн балæвар кæндзысты.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Барад

# Хæс бафыста

**Иунæгæй сывæллоны чи хъомыл кæны, уыцы дзæуджыхъæуккаг сылгоймаджы пайдайæн 500 мин сомæй фылдæр алиментæ цæмæй бадомой, Уæрæсейы Генералон прокурор Игорь Красновы бардзырдмæ гæсгæ цæгатирыстойнаг Прокуратурæ ууыл бацархайдта.**

Уæрæсейы Генералон прокуроры бардзырдмæ гæсгæ бæстæйы прокуратурæйы Цæгат Кавказы æмæ Хуссайраг федералон зылдты сæйраг управлени сывæллоны хъомылгæнæг сылгоймаджы хъаст равзæрста.

Куыд рабæрæг, афтæмæй 2017 азæй фæстæмæ Тæрхонадон пъырыстыфты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы ис æнахъом фырты хъомыл кæнынæн алименттæ бынæттон нæлгоймагæй бадомыны тыххæй куырдиат.

Тæрхонадон пъырыстыфтæ тæрхонадон акты домæнтæ баххæст кæныныл нæ бацархайдтой, хæсдарæгæй бæрндзинад нæ бадомдтой, æмæ афтæмæй хæс 500 мин сомæй фылдæры бæрц рауад. Лæппуйы мад бæстæйы Генералон прокуратурæмæ куы бахъаст кодта, уæд алименттæ фидынæй хи тылифгæнæг хæсдарæг нæлгоймагæн "Административон барадхæлдтыты тыххæй" кодексы 5.35.1 статьяйы 1 хаймæ гæсгæ рахастой 10 сахаты дæргъы йæ æнæмæнг æххæстгæнинаг куыстытыл бафтауыны тæрхон.

Прокуратурæйы куырдиатыл æрныхас кæнгæйæ, амынд управленийы разамонæг тæрхонадон пъырыстыфæн бауайдзæф кодта. Хæсдарæг нæлгоймаг кусын цæмæй райдайа æмæ исбоны хардзæй хæс цæмæй бафида, уыдæттыл бацархайдæуыд.

Æххæстгонд мадзæлтты фæрцы 520 мин сомы бæрц алиментты хæс фыст æрцыд.

**УФ-йы Генералон прокуратурæйы Цæгат Кавказы æмæ Хуссайраг федералон зылдты сæйраг управлени**

Хъæууон хæдзарад

# Зындзинæдтæ ницæмæ даргæйæ...

**Нæ иумæйаг егъау паддзахад куы фехæлд, уæд хъæууон хæдзарад дæр, куыд фæзæгъынц, йæ фæстæгтыл æрбадт. Кæддæры цæргæ-нæргæ колхозтæ æмæ совхозтæ ныххæлæттаг сты, цыбыр рæстæгмæ хæлд æрцыдысты. Ралæууыд ног рæстæг, йемæ бирæ ивддзинæдтæ фæзынд нæ царды, уыимæ — хъæууон хæдзарады дæр. Адæмы цыфæнды дуджы дæр хæрын хъæуы, хъæууон хæдзарад фæцудыдта, æмæ, цæмæй хæлцы продуктты дефицит фæныллæгдæр уа, уымæн ссардтой фæрæз — фæзындысты фермерон хæдзарæдтæ, хъæуунхæдзарадон кооперативтæ.**

Рахизфарсы районы фермерон хæдзарæдтæ чи сарæзта, уыдонæн сæ фыццæгтæй иу уыдис фæлтæрдджын хъæууонхæдзарадон специалист **Дыгъуызты Зураб**. Схуыдта йæ йæ фыды фыды номæй — "Ферузи". Райгуырдис Гуырдзыстоны, Къахеты ирон хъæутæй иуы. Скъола каст фæуыны фæстæ дарддæр ахуырмæ бацыд хъæууонхæдзарадон институтмæ. Райста агрономы дæсныйад сырх дипломимæ æмæ райдыдта кусын сæнæфсирмæ зилæг бригадæйы. Æрыгон адæймагмæ бæллицтæ куыд нæ вæййы, æмæ Зураб дæр иубон сфæнд кодта йæ цардмæ цæхгæр ивддзинæдтæ бахæссын. Афтæ 1984 азы рацыд Цæгат Ирыстонмæ æмæ ныллæууыд куысты, халсартæ кæм рæзыд, ахæм хъæрмуатон хæдзарады.



Хъæууонхæдзарадон министрады æрыгон специалисты архайдыл сæ цæст æрæвæрдтой æмæ йæ Зилгæмæ арвыстой, уым дæр кодта халсарты куыст, цалынмæ Советон Цæдисы фехæлдимæ колхозтæ дæр нæ фехæлдысты, уæдмæ. Дарддæр куыд цардæуа, цы архайа, йæ бинонты цæмæй дара, уый сси йæ катай Зурабæн. Æмæ дын Хуыцау ахæм хорз ракæна — раст уыцы рæстæг фермерон хæдзарæдтæ аразын райдыдтой, паддзахад зæрдæ æвæрдта алыхуызон хорздзинæдтæй, æххуыс уын кæндзыстæм, ныллæг процентты дæтдзыстæм кредиттæ, æрмæст, дам, кусгæ кæнут колхозтæ æмæ совхозты бæсты. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй уыцы зæрдæвæрдтытæ æмæ ныфсытæ ныфсытæ æмæ зæрдæвæрдтытæй баззадысты, фермертæ сæ размæ æвæрд бирæ цæлхдуртæ сæхи хъарутæй иуварс кодтой.

Зураб дæр сфæнд кодта йæхи ног хъуыддаджы бавзарын. Радтой йын зæххы хай — 35 гектары. Уæдæй нырмæ дзы фæллой кæны æрвылбон, фæллад нæ зонгæйæ, байтауы нартхор, æрзайын кæны халсарты хъæздыг тыллæг, дары фос дæр. Йæ бæрзонд бæрæггæнæнтæм гæсгæ арæх архайдта алыхуызон хъæууонхæдзарадон равдыстыты, йæ продукци йын фæлхасгæнæг æхсызгонæй æлхæдта, куыд районы, афтæ Дзæуджыхъæуы дæр, уыимæ — ныллæг æргътыл. Ивгъуыд рæстæджы цæмæн зæгъæм? Уымæн æмæ абон исты ауæй кæнын тынг зын сси, нæй бынæттæ, кæд ацы хъуыддаг алыг кæнынæй хицауад æдзух зæрдæ 'вæры, уæддæр. Ацы ныхæсты рæстдзинад бафидар кæныны тыххæй Зураб зæгъы, æндæраз халсарты тыллæг тугыл кæй аскъуыд — нас, къабуска, цæхæра, фæлæ, хъыгагæн, сæ фылдæр хай быдырты баззад, æмткæй сæ чи балхæдтаид, ахæм нæ разынд, йæхицæн та фадат нæ уыд базары æрлæууынæн æмæ килæгай уæй кæнынæн.

Фæлхасгæнæн кооперацийы дуканитæ æвæндонæй цалдæр килæйы райсынц. Уæд та, дам, ма

æфсæддон хæйтты бафæлвар, æмæ фермер æцæгæйдæр бацыд къорд æфсæддон хаймæ. Бафарста, цы аргъæй æлхæнынц къабуска, цæхæра. Куыд рабæрæг, афтæмæй — 25 æмæ 20 сомæй. Зураб сын йæ продукци лæвæрдта туманæй, фæлæ та дзы ам дæр ницы рауад — тендер чи рамбылдта, ахæм организаци Ростовы облæстæй ласы халсартæ æфсæддон хæйттæм, æмæ сын сæ ды лæвар куы дæттай, уæддæр сæ нæ исынц. Афтæ "фæстауæрцгонд" цæуынц паддзахадон æхцайы фæрæзтæ...

Уыдис ма ахæм цау дæр: аласта бырынкъджынты фыд Дзæуджыхъæумæ хъæугæ гæххæттытæй ифтонгæй, афтæмæй килæ 140 сомæй уæй кодта. Уалынмæ йæ сæргъы цъупхудджынтæ æрбалæууыдысты æмæ йын ивар рафыстой, ардыгæй, дам, тагъддæр хаугæ кæн, кæннод, дам, дæ дзидза фесæфдзæн. Зынаргъ аргъыл чи уæй кодта, уыдон сæ ныхмæлæууæджы фæиуварс кодтой... Уæдæй фæстæмæ сомыгонд у, нал слæудзынæн базары дзидза уæй кæнынмæ, зæгъгæ. Фæлæ йæм æлхæнджытæ Зилгæмæ фæзынынц, зонынц ын йæ продукцийы хæрзхъæддзинад. Йæ зæрды ногæй стуртæ балхæнын ис, кæд æм фæрæзтæй Хъæууон хæдзарады министрад фæкæса, уæд. Грант ын куы радтиккой, уæд дуцгæ хъуццытæ балхæнид, æхсыр, цыхт, æхсырыцъæрттæ, нæлхæ уæй кæнид... Скъæттæ сты бындуронæй арæзт, æрмæстдæр дзы фос баскъæр. Фондз æмæ ссæдз гектары байтыдта нартхор, фос кæм хизой, ахæм бæстыхай йæм ис. Ныртæккæ та уал Дыгъуызы-фырт йæ дыууæ стыр хъæрмуаты æмбырд кæны джитъри, айуары йæ Бесланы æмæ Рахизфарсы районы дуканитыл. Экологон æгъдауæй сыгъдæг продукт аслам аргъæй, нæ пайда кæны химикаттæй, нæ пайда кæны æххуырсгæ адæмы æххуысæй дæр — куыстдзагъд лæг алцæуыл дæр йæхæдæг æххæссы...

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Юбилей

# "Мæхи тыд, мæхи тынд — зæрдæйы бæркад..."

**Æцæгдзинады мидæг æрдз æмæ адæймаг алы хатт дæр хæлар æмæ æмсагъæсгæнджытæ уыдысты. Уыцы бастдзинад хæлд куы æрцæуы, уæд уый æцæгдзинады уагæвæрд фехалы. Æмæ уый æппæты зындæр уавæры баппары сфæлдыстадон адæймаджы (удгоймаджы). Дзырдаивады дæсны уæвынады тыгъдадæй куы фæиппæрд вæййы, уæд уый æхсæнады монон рæстæн стыр зиан æрхæссы. Йæ уацмыстæ та æрдзон хуызы куы райгуырынц, уæд, æнæмæнгæй, абон уа — райсом, уæддæр æрдзон хуызы фæндаг ссарынц адæмы зæрдæмæ. Сфæлдыстадон кусæджы хъысмæт ахæм аивадон фæндагыл куы арвиты, уæд арф хъуыдыты аныгъуылы, дзырдаивады цы бынат ахсы æмæ цы бæрндзинад уавæры бахауы, ууыл. Æнæ ахæм фæлтæрддзинадæй сфæлдыстады бæрзæндтæм схизæн нæй. Æппæты бæрзонддæр къæпхæнтæ дзырдаивады дæсныйæн сты дзыллæйы зæрдæ æмæ фыдызæххы адджын комулæфт. Уыдон райгуырынц адæймагимæ мады гуыбынæй — йæ удварны, йæ зондахасты, йæ бæллынады, йæ зæрдæйы, йæ туг æмæ йе стæджы, йæ сагъæсты, йæ катайы, йæ цин æмæ йæ хъыджы... Ахæм æнкъарæнтæ, КЪАДЗАТЫ Станиславы загъдау, ирон поэттæй иу æргъомы чи бабаста, уыдонæй иу у АБАЙТЫ Эдуард.**

## Поэты азфыст

Абайты Алыксандры фырт Эдуард райгуырдис 1953 азы сусæны мæйы 28 бон Цæгат Ирыстоны Горæтгæрон районы Ногиры хъæуы, зæхкусæджы хæдзары. Чидæриддæр сæ зыдта, уыдоны дисы æфтыдтой чысыл лæппуйы ныййарджытæ — Розынбег (Алыксандр) æмæ Битарты Тамарæйы удварн. Æстдæс адæймаджы цардысты иу цары бын, бадтысты иу фынгыл, хордтой иу агæй, фæлæ сæ хъæр æмæ хыл нæ, знæт ныхас дæр сæ ничи фехъуыста. Уый йæ рæстæджы ногирæгтæн стыр цæвиттойнаг уыдис. Хæдзары хистæртæй, æфсинтæй, файнустытæй, тиутæй, сæ зæнæгæй — иууылдæр, рæхысы цæгтау, уыдысты æнгом баст. Ахъуыды-ма кæнут, цас быхсынад хъуыд ахæм уынгæг уавæрты, фæлæ дзы файнуст-файнустæн знаг нæ уыдис, фæлæ удæнцой æмæ удлæууæн, æмæ уый уыд сæ амонд. Ирон æмбисонд куыд зæгъы, афтæ хæдзар сылгоймаджы алыварс амад у. Æмудæй, хæларæй цæрын Абайтæн фыдæлтæй баззад. Бинонты хистæр — Эдуарды фыдымад — Мелес (Хæмыцон) дæр хæдзарыдзаг бинонтæм куы æркуывта, фарны къах сæм куы бавæрдта, сæ рæбыны зæлдаджы хуызæн йæ алыварс алкæй дæр куы æрбангом кодта, уæд бинонты амондæн хорз бындур сæвæрдта. Уый нæ, фæлæ ма уыцы **нымд ныстуаны** хуызæн ныууагъта йæ цоты цотæн. Æмæ уым уыдис бинонты уды бæркад æмæ амонд.

Афтæ, ацы царды, йæ фыццаг къахдзæфтæй фæстæмæ Эдуард йæ зæрдыл бадардта, фыдæлтыккон æмбисонды куырыхон хъуыды, **"æнгом бинонтæ саг кæй марынц"**, уый. Æмæ йын йæ царды мидæг уыцы базырджын ныхас ссис фæндагамонæг стъалыйы хуызæн. Йæ фыд Алыксандр æмæ йæ мад Тамарæйæн уыдис цыппар фырты: Эдуард, Ростик, Габо æмæ Жорик. Фидæны поэт уыдис хистæр æфсымæр æмæ йæ кæстæрты хъомылады ахста ахсджиаг бынат, уымæн уыдис дæнцæг йæ мадызæнæгæн. Дæнцæг та вæййы алыхуызон — æвæрццæг кæнæ æппæрццæг. Æмæ йын уый йæ зæрдыл арæх лæууын кодтой йæ баба (Хъæсболат) æмæ нана (Мелес). Йæ хъуыдæджы та йын æй ныффидар кодта йæ фыццаг ахуыргæнæг Сланты Тамарæ. Афтæ, хистæр æфсымæрыл цы хæс æвæрд ис, уый йæ зæрдæмæ арф айста Эдуард суанг æвзонджы бонтæй фæстæмæ. Сабыруаг, хæрзæгъдауджын æмæ зæрдæргъæвд уæвгæйæ, Абайты хистæр лæппу йæ хæдæфсарм хидардæй дæнцæг уыдис канд йе 'фсымæртæн нæ, фæлæ йе 'мкъласонтæн дæр. Астæуккаг скъолайы Эдуардæн бирæ хорз ахуыргæнджытæ уыд, фæлæ дзы æппæты хæстæгдæр йæ зæрдæмæ разынд ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Джыккайты Венерæ. Йæ зæрдыл абон дæр хорз лæууы, уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Дзаттиаты-Гайттаты Раисæ дæр. Курдиатджын хъомылгæнæг, Эдуард æмдзæвгæтæ фыссы, зæгъгæ, уый куы базыдта, уæд æй скодта "Мах дуг"-ы редактор Цæгæраты Максиммæ. Уый йын йе 'мдзæвгæтæ куы бакаст, уæд дзы иу цикл журналы рауагъта æмæ æвзонг поэты зæрдæйы ныфс бауагъта.

Абайы-фырт астæуккаг скъола каст куы фæцис, уæд йæ зондахасты йæхицæн йæ фидæны дæсныйад æвзæрст уыд. Уыйадыл ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты филологон факультеты уырыссаг-ирон хайадмæ. Уæлдæр скъола æвзонг уды хицауæн йæ размæ сæвæрдта ног хæстæ æмæ йæм йæ амондæн ногираг лæппу цæттæ разынд. Дысвæлдæхтæй кусын ын амонын нæ хъуыд æмæ йæхиуыл зæрдиагæй кæй куыста, уымæй йæхи бауарзын кодта, куыд йæ ахуыргæнджытæн, афтæ йе 'мкурсонтæн дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахуырæй уæлдай нæ рох кодта, сфæлдыстадон куыст дæр æмæ кæд æфсæрмыгæнаг лæппу уыд, уæддæр йæ сусæгдзинад рахъæр. Ахуыры азты йын йæ миддунейы стыр фæд ныууагътой йæ уарзон ахуыргæнджытæ — Багаты Никъала æмæ Джыккайты Шамил. Иу ын дзы йе 'взаджы хъæд банывыл кодта, иннæ та — стихамады æгъдæуттæ. Афтæ Абайы-фырт фидар къахдзæф бакодта канд царды хъæбысмæ нæ, фæлæ сфæлдыстады тыгъдадмæ дæр. Æмæ уымæн хорз æвдисæн уыдысты номдзыд уырыссаг æмæ ирон литературæйы лымæн, ССР Цæдисы паддзахадон премийы лауреат Лев Озеровы ныхæстæ. Газет "Литературон Уæрæсе"-йы фæрстыл цы бындурон уац ныффыста, уым номдзыд автор комкоммæ амыдта: **"Университеты цы литературон иугонд кусы, уымæн æнтыстджынæй разамынд дæтты поэт Джыккайты Шамил. Зæрдиагæй дзы чи архайы, уыдонæй иу у Абайты Эдуард. Йе сфæлдыстадимæ уæрæх зонгæ нæ дæн, фæлæ мæ зæгъын фæнды цалдæр зæрдыллæууæн ныхасы. Уырнæ мæ, фидæны йæхи хорзæрдыгæй кæй равдисдзæн, уый. Ныр та уал æй хъæуы быхсынил хи ахуыр кæнын"**.

Цытджын поэт æмæ тæлмацгæнæг дзы æппæлгæ ракодта, фæлæ йын сæ зæрдыл æрлæууын кодта, поэзи йын йæ размæ стыр бæрн кæй æвæры, уый. Йæ уацы сæргонд дæр "Без пяти минут..." ("Фондз минуты хъуаг...") хуымæтæджы не схуыдта: ома, суанг ма кæй сты, уый сын сæ зæрдыл æрлæууын кодта. Озеров "фондз минуты хъуаг..." поэттæ кæй схуыдта, уыдоны номхыгъды ма Эдуардæй уæлдай бацамыдта Бабочиты Руслан, Косты Лизæ, Фидараты Изетæ æмæ Гусалты Виталийы. Уыцы зындгонд уацыл ныр рацыд 50 азæй фылдæр. Æмæ дзы иу дæр кæй нæ фæмæнг, уый банымайын хъæуы номдзыд поэты дардмæ уынæг курдиатыл. Уæд дзы кæд паддзахадон премийы лауреат хорз ныхæстæ загъта, уæддæр Эдуарды кæронмæ нæ уырныдта йæ поэтикон уынинад. Æмæ иу бон куы уыд, уæд бахатыд йæ ахуыргæнæг Джыккайты Шамилмæ: **"Курын дæ, æмæ мын ме 'мдзæвгæты тыххæй дæ хъуыды комкоммæ зæгъ, фыссон-ма, æви нæ, уый?!"** Иу къуырийы фæстæ йын Джыккайы-фырт дзуаппæн загъта æрмæстдæр иу хъуыдыйад: **"Де 'мдзæвгæтæ дын мæ уды дзæбæхæн фæкастæн..."**

Уæлдæр скъола каст куы фæци, уæд ма иу стыр лæгдзинад равдыста Эдуард. Йæхи рамбæхс-бамбæхс нæ кодта, кæйдæртау, фæлæ сыгъдæгзæрдæимæ ацыд йæ паддзахадон хæс æххæст кæнынмæ. Афтæ рауад, æмæ йæ службæ кæнын бахъуыд — фыццаг Сомихстоны, уый фæстæ — Камчаткæйы. Æнцон ын кæм уыд Кавказы фæстæ Дард Хурыскæсæны, фæлæ дзы рох нæ уыдис Озеровы фæдзæхст быхсынады тыххæй. Æмæ йæ ацы хатт та равдыста Советон Æфсады рæнхъыты. Уырдыгæй куы суæгъд, уæд кусынмæ бацыд Дзæуджыхъæуы 23-æм астæуккаг скъоламæ мадæлон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй (1977-1979), стæй та — дыууæ азы бафыдæбон кодта Попов хуторы карьеры бырауызилæгæй (1984-1986). 1988 азæй фæстæмæ йæ хъысмæт сбаста газет "Рæстдзинад"-имæ: уыд уацхæссæг (1988-1992), хистæр уацхæссæг (1993-2019), сæрмагонд уацхæссæг (2019-2021). 2021 азæй фæстæмæ та у культурæйы хайады сæргълæууæг.

## Поэты аивадон дуне

Абайты Эдуард — карджын лæг æмæ поэт — бирæ сагъæсты фæстæ бæрнон цæстæнгасæй акаст йæ рагсфæлдыстадмæ æмæ йæхицæн скодта вазыгджын хатдзæгтæ. Йе 'взонджы бонты фыст уацмысты мах æмбæлдыстæм алыхуызон нæмттыл, куыд национ, фыдыбæстон æмæ фæсарæйнаг фысджытыл, афтæ æнæзонгæ цаутæ æмæ хабæрттыл. Поэт иу æмæ дыууæ хатты не 'рымысыд адæмон сфæлдыстады хъайтарты дæр. Уæдæ æрдзыл фыст æмдзæвгæты дæр æвдыст æрцыд стихамайæджы миддунейы удыхъæд. Зындгонд автор йæ райгуырдæй фæстæмæ цæры йæ райгуырæн хъæу Ногиры æмæ уый стыр фæд ныууагъта йе сфæлдыстадыл: Дзæуджыхъæуы бынмæ изæртæ, Терчы былгæрæттæ, мæйрухс æхсæвтæ, зымæгон, уалдзыгон, сæрдыгон, фæззыгон нывты рафæлив-бафæлив, æнæрлæугæ лыстæг уарын æмæ ногирæгты уагæвæрды æнкъарæнтæ... Уыцы æппæт хабæрттæй Абайы-фырт иста æмæ исы эстетикон уæлтæмæнад. Афтæ цадæггай, фæлæ уæндон æмæ ныфсхастæй поэт цыдис йæ абоны бонмæ. Æмæ нын уыцы балц ирдæй равдыста йæ **аивадон дунейы тыгъдад**. Уым мах нæхицæн скодтам фыццаг вазыгджын хатдзæг: дуне канд тæссаг ран нæй, фæлæ стыр цымыдисаг уавæры. Ома, дарддæр цы уыдзæн, æмæ нын нæ размæ цы ног фæлварæнтæ сæвæрдзæн, уый тыххæй.

Уæвынады цыфæнды трагедион уавæры дæр ис рухсгонд, бæрзондгонд æмæ уæлмонцгонд буарады миниуджытæ. Уыдоны фæрцы Эдуарды хъайтартæ уæлахиз кæнынц тары цотыл, адæмæн та — дæттынц ныфс æмæ æууæнк. Поэты курдиат хъуамæ кæсджыты ахуыр кæна лæгдзинадыл, цæмæй сæм мæлæты раз дæр цæрыны тых æвзæра, уый тыххæй. Ахæм уавæры чи нæ фæтаса, уымæн хъысмæты цæфæй тæссаг нæу. Гъе ахæм у поэты ныстуан фæдзæхсты астæумагъз: "Афтæ цæр, дæ фæстæ хорзæй мысой дæу/ Истæмæй дæ хорзтæй/Искæй зæрдыл лæуу." Раст у поэт: цæрынæн лæгдзинад хъæуы, цард фæндаг у æмæ йыл цæуын зонын хъæуы. **"Нæфæтчиагæн исты ныууадз дæ зæрдæйы рæбын..."** — сиды нæм Эдуарды лирикон хъайтар æмæ нæ хæсджын кæны царды раз. Цард æмæ мæлæты æхсæн тохы цæхæры равзæрдысты, философон мидисамад кæмæ хæццæ кæны, уыцы æмдзæвгæ. Кæд йæ фыццаг чингуыты **("Кæрдæгджын къæвдатæ", "Донгуырæн", "Цæххы тæпп")** мах фылдæр æмбæлдыстæм романтикон сагъæстыл, уæд йæ фæстаг уацмысты, уæлдайдæр та **"Æртхуроны"** æрдзон хуызы фæзындысты йæ философон мидисамады рæнхъытæ.



Абайты Эдуардыл сæххæст 70 азы

Æнæзæгъгæ нæй поэты æмдзæвгæты **ритмикæ** æмæ **синтаксисы** тыххæй. Арæхстджынæй сæ кæй пайда кæны, уый фæрцы йæ ныхасыздæхт йæхицæн уæрæх фæндаг байгом кæны дзыллон чиныгкæсæгмæ. Йæ поэзийы æрæгвæззæг хицæн кæны метафорæтæ æмæ абарстытæй **("Зæххы къори махæн — чырын, нæ авдæн", "Цыкурайы фæрдыг — зæххы къори — махæн", "Цъæх уалдзæджы фаззон, нæ бинонты уарзон!")**, ис æм дæрдтыл райтыгъд метафорæтæ дæр:

***Арвы дуар гом кæны хорз дзырд,***
***Хорз дзырд у зæрдæйы дуар.***
***Судзины фындзæй скъахт зæрдæ,***
***Судзины бынæй йæ ссард...***
***... Макæмæ бавнал сындз къухæй,*** —
***Ссæуы сындзы бынæй сындз!..***

Абайты Эдуарды дзырдаивады æвзаг æрдзон хуызы йæхимæ ивазы ирон чиныгкæсæджы. Æмæ нæхи куы бафæрсæм, уæддæр цæмæй? Уæд ууыл бирæ хъуыды кæнын нæ бахъæуы: **"Поэт æмиуадон хуызы йæ рæнхъæвæрдмæ саразы æртæ цыхцырæджы — зæронд ныхæстæ, ног дзырдтæ æмæ æндæр æвзагон йæ æмбарынæдтæ..."** Уыцы фæлдзусадон ныхасыздæхт аивадон хуызы батад ныхмæвæрд ныхасыуагы арæныл. Уымæ гæсгæ, нæ хæдбындур авторы уацмыстæ кæсынмæ хъæуы сæрмагонд цæттæдзинад. Поэты æвзаджы æмбарынады размæ сæвзæрынц зындзинæдтæ ныхасы культурæйы иумæйаг мидисамады. Мадæлон ныхасы культурæйы тыгъдады поэзийы хъæлæс кæддæриддæр ахста сæрмагонд бынат. Гъе уымæ гæсгæ, Абайы-фыртæй рох никуы уыд ирон классикон литературæйы комулæфт. Уыйадыл поэты къухы бафтыд знон æмæ абоны дзырдты иудзинад бæрзонддæр ранмæ сисын.

Афтæ зæгъæн ис, æмæ йæ алы æмдзæвгæйы мидисамад дæр хæссы развæлгъау ныхасы ногдзинад. Поэты æрмдзæф цыфæнды арæнты фæлгæты куы бацæуы, уæддæр никуы рох кæны, дзырдаивад æхгæд дуне кæй нæу, уый. Афтæ классикон поэтикæйæ æрдзон уæвынады æхсæн рафæливбафæливæй йæ фæстæ сагъæс кæнынмæ хоны цымыдисгæнаг кæсæджы. Фæстаг рæстæджы Эдуарды аивадон æвзаджы тыххæй иу æмæ дыууæ быцæу ныхасæн æвдисæн нæ систæм. Иуæрдыгæй бамбарынæй — фауын æнцондæр у, иннæрдыгæй — рæстдзинад кæмдæр астæуы ис. Ахæм уавæры цы быцæу ныхæстæ æрцыд, уыдон ногираг лæппуйы поэзиуарзджыты адих кодтой дыууæ хайыл чи сæ растдæр у, уый сбæрæг кæндзæнис æрмæстдæр рæстæг. Дунейы мидæг уымæй растдæр тæрхонгæнæг нæй. Быцæугæнджыты ныхасæн дæр кæрон уый скæндзæнис. Абон та нæ цин кæнын хъæуы поэты æвзаджы хъæздыгдзинадыл.

## Адæймагæй — удгоймагадмæ

Эдуард хъæуккаг лæппу у. Йæ райгуырæн Ногир никуы баивта горæтыл æмæ йæм уымæ гæсгæ сыхбæстæйы фарн бæрзонд æвæрд у. Красины уынгæн йæ тæккæ астæу цæры æмæ уымæ гæсгæ æхсæвæй-бонæй кæйдæр цæстæнгасы астæу бахауы. Нæ фыдæлтæ-иу хуымæтæджы нæ бафиппайдтой: "Хорз сыхаг, дам, дард хæстæгæй æввахсдæр у!" Байхъусæм-ма Эдуарды сыхæгтæй дыууæмæ — **Харебаты Зæирæ** æмæ **Беджызаты Татьянæмæ:** "Махæн ахæм хорз сыхæгтыл нымад сты Ногиры Красины уынджы Абайты Эдуарды бинонтæ, йæ цардæмбал Ритæ æмæ сæ хъæбултæ: Æхсар, Æхсæртæг, Ацæмæз, хъæбулы хъæбул Сæрмæт. Æгъдауылхæст, цæсгомджын. Сыхæн уарзон æмæ лæггадгæнæг хъæбултæ æмæ хъæбулы хъæбул хъомылгæнджытæ сты Эдуард æмæ Ритæ. Хорзы кой дардмæ хъуысы, æмæ уадз дардыл айхъуыса нæ сыхы нæртон æмæ амондджын бинонты кой. Ахæм æмбисонд ис. Æцæг лæг, дам, уый у, æмæ чи саразта хæдзар, схъомыл кодта цот æмæ ныссагъта бæлас. Абайты Эдуард хæдзар саразынил дæр фæфыдæбон кодта, æртæ сæрæн гуырд фырты дæр схъомыл кодта æмæ ма талатæ дæр садзы æдзух нæ уарзон газет "Рæстдзинад"-ы фæрстыл, йе 'мдзæвгæты чингуыты, дидин калынц сæрдæй, уалдзæгæй, фæззæгæй, зымæгæй æмæ нын, ирон адæмæн, дæттынц удварны тыллæг. Бирæ цард æмæ æнæниздзинад курæм Дунескæнæгæй нæ хорз сыхаг, æмгар, хæларзæрдæ æмæ Хуыцауыскond сыхæгтæн — Абайты бинонтæн. Сæ хъæбулы хъæбул Сæрмæт авды хистæр бауæд, сæ зæрдæ сæ рухс кæнæд. Ритæ та у амондджын мад æмæ сæдæ азы зæрдæрухсæй фæцæрæд йæ рæсугъд хъæбултæм кæсгæйæ. Арфæгонд уæнт Абайты Эдуард æмæ йæ бинонтæ".

Нæ фыдæлтæм цы бирæ арфæйаг хъуыддæгтæ уыдис, уыдонæй иу баст уыдис æмгардзинадимæ. Æмæ-иу сæ хуыздæр арфæ дæр баст уыдис уыимæ: **"Æмгары хорзæх дæ уæд!"** Эдуард дæр йæ царды мидæг банкъардта йæ фæлтæры аудынад. Йæ удыхъæды хуыздæр æууæлтæ æмæ миниуджытæн стыр аргъ чи кæны, ахæмтæ иу æмæ дыууæ нæй. Уыдонæй иу у ПТРК "Аланыстон"-ы редактор, поэт æмæ радиожурналист Къадзаты Станислав. Мæнæ цы загъта йе 'мгары тыххæй фæлтæрдджын автор: "Арт кæм судзы, фарн дæр уым ис". Æмæ нæ адæмы удварнил дзургæйæ, махæн æппæты табуйагдæр зынг у не 'взаг. У норст цæхæр нæ мадæлон æвзаг — йæ тавс, йæ хъомыс мин-мин азы фаг. Афтæмæй абон ирон æвзаг чи цæрæццаг кæны, уыдон цæрæццаг кæнынц нæ дзыллæйы, нæ фидæн. Æмæ уыцы зиууæтты 'хсæн бæрæг дары Абайты поэты æрмдзæф. Эдуард искæй цæстмæ æмæ исты æнхъæлæй, "Мæхи равдисыны охыл" нæ архайы, фæлæ йæ уды фарнæй кæны тæккæ ахъаззагдæр хъуыддаг. Æнæуи царды Эдуард, ног чындзау, у æфсæрмыгæнаг, фæлæ поэзийы та — ныфсхаст, нæрæмон. Цæй фæрцы куы бафæрсат, уæд дзырдæфсады фæрцы. О, Абайы-фыртæн нæ мадæлон æвзаджы дзырдтæ сты, стъалыйау, æмæ сын сæ уд ирдгæнæг рухс тауы махыл дæр. "Дай каждому слову явиться" — фæдзæхста Сергей Аверинцев. Æмæ нын Эдуард цал æмæ цал дзырды раздæхта! Æвзаг дзырдтæй хъæздыг кæй у, ацы æмбисонды æцæгдзинад нын куыд дзæбæх равдыстой Хъайтыхъты Азæмæт, Айларты Измаил æмæ Абайты Эдуарды хуызæн фысджытæ.

Абайы-фыртæн æрми сты нæ нæртон æвзаджы æвæрæнтæ æмæ сæ бон у нывæфтыд ныхас кæнын. Афтæ Эдуарды алы уацмысы хурæргомæй зыны национ колорит. Цæстыты раз цардæгасæй слæууынц æрдзы æмæ хъæууон царды нывтæ. Нæ поэт дзырдæн уыны йæ байбынтæ, йæ фæлгъуыстæ:

***Нæ уромы тæбын æндах***
***де 'лхуый,***
***Цонгыл та фæфæуд кæны***
***дæ цонг,***
***Фæлæ ма, бындар фæуай,***
***дæ цæнгтæ***
***Ды, ды Гыцци, куыд уромыс,***
***уый зæгъ?..***

Ахæм æнæнхъæлæджы фæзилæн куыд нæ хъуамæ ныццæва зæрдæйы кæрон! Абайты Эдуардæн мæнæ ацы номарæн дæр уымæн ныффыстон:

***Царды цинтæй — расыг,***
***Цъитийау — æвронг,***
***Ды нæ царды балцы —***
***Хуры рахиз цонг.***
***Зæдтæн дæр фæзминаг***
***Сты дæ тавс, дæ уаз,***
***Де стихты зæриндаг***
***Удæн у æвдадз.***

Абайты Эдуарды уацмыстæ хицæн кæнынц бæрзонд бæрны æрмдзæфæй. Уый сын дæтты хъомыс æмæ æнкъарæнты цæхæр. Уыцы сфæлдыстадон архайд чиныгкæсджыты зæрдæйыуаг сисы зæрдæхсайæн æмвæзадмæ. Ахæм рæстæг æнцондæр хатæн у йæ аивадон дæсныйад æмæ поэтикон культурæ. Уыдонæн та æнæзæрдæргомгæнæн ныхасыуагæй равдисæн нæй. Уымæ гæсгæ, поэты лæмбынæг цæстæнгас йæ ных саразы фыдызæххы азфыст æмæ нырыккон уавæрмæ. Ам мах уынæм фыдæлты туг, рис, цин æмæ поэты монон комулæфт. Æмæ уый фæрцы Абайы-фырт сагъæс кæны йæ фыдæлты хъысмæтыл. Æмæ агуры дзуаппытæ, ивгъуыды чи уыд, абон чи ис æмæ фидæны дæр чи уыдзæнис, уыцы риссаг фарстатæн. Йæ алы лирикон хъайтарæн дæр автор ссары йæхи цæсгом, йæхи рæстдзинад, йæхи сæрыстырдзинад, йæхи сæрибар удыхъæд. Ахæм рæстæг поэты цæстæнгас фæлгæсы арф, уæрæх æмæ бæрзонд. Зæрдæйы тæгтæ куы ныттынг вæййынц, уæд сæ азæлдмæ мах банкъарæм æнæхъуаджы фæндырдзагъд. Уымæй куырыхон стихамайæг нывæнды алæмæт, сыгъдæг æмæ рухсгонд тыгъдад.

**P.S. "Рæстдзинад"-ы газеткæсæг абон цы рæнхъытимæ базонгæ ис, уыдоны мæ фæнды фæуын, Рæмонты Геор юбиляры ном кæмæй ссардта, уыцы æмдзæвгæйы рæнхъытæй: "Уазау дæ фæд! Тæх æмæ хæт..."**

**ХОЗИТЫ Барис**



ЧЕЛÆХСАТЫ Руслан, АБАЙТЫ Эдуард, ГАГЛОЙТЫ Анатоли æмæ ДЖУСОЙТЫ Нафи



ДЖУСОЙТЫ Нафийы премийæ АБАЙТЫ Эдуарды хорзæхджын кæны БИБЫЛТЫ Анатоли

Аивгæнæн куыстытæ

# Æрмдæсныйы сыгъзæрин къухтæ

**Сылгоймаджы хæрзарæхст æнгуылдзтæ згъорынц цыллæ æндæхты æхсæнты. Æхсæнмæ-хсæнты сæ ауайын кæнынц, сæ нывæндынæй разыны аив нывæфтыдимæ рæсугъд нывæзт. Хонынц æй цыллæ кæлмæрзæн. Вæййы цыппаркъуымон æмæ æртæкъуымон дæр. Алкæцыйæн дæр дзы адæмы уырнынадмæ гæсгæ ис йæхи нысаниуæг. Зæгъæм, чи йæ дары, уымæн цыппаркъуымон дætты царды фæрныгад, æртæкъуымон кæлмæрзæн дарæг та хъахъхъæд цæуы æвзæр, чъизи тыхтæй, фыдбылызтæй, йæхимæ æлвасы царды æнтыстытæ. Æмæ уыцы алæмæты нывæфтыд цыллæ сæрæмбæрзæнты нывæндæг у аив, хæрзуынд, хæрзконд, хъæбулы хъæбултæ хъомылгæнæг, англисаг æмæ немыцаг æвзæгты ахуыргæнæг, уыцы дæсныйад райсыны фæстæ та йæ цард æрмиад æмæ нывæфтыдимæ чи сбаста æмæ йæ арæхстдзинадæй адæмæн циндзинад чи дætты, йæ дæсныйад парахат зæрдæйæ алкæмæн дæр чи амоны, ахæм æрмиады ахуыргæнæг ДАУЫРАТЫ Зæлинæ Сослæнбеджы чызг.**

Хæрзчысылæй фæстæмæ дæр Зæлинæ иузæрдион уыд ми кæныныл, хуыйынмæ, судзин æмæ æндахмæ æмхиц уыд. Арæх æрымысы гыццылæй сын сæ мад Дзахоты Тамарæ дыууæ кæстæр æфсымæры Созыр æмæ Эльбрусимæ нывæфтыд чиныг "Дæхи къухтæй", зæгъгæ, куы балхæдта, уæд æм æфсымæртæ сæ хъус не 'рдардтой. Фæлæ Зæлинæ бонизæрмæ архайдта, уым цы амынддзинæдтæ лæвæрд уыд, уыдон базоныныл. Фæлвæрдта сæ йæхи къухæй æндахæй нывæфтыдтæм рахæссыныл. Скъолайы, суанг университеты ахуыргæнгæйæ дæр, йæ сæйраг ахуыргæнæн чингуыты фарсмæ æдзух уыдысты ирон уæлæдарæсы историйы чингуытæ. Бæстон сахуыр кодта Андиаты Барис æмæ Регинæйы чиныг "Ирон орнамент". Йæ хистæрты фæрцы базыдта æрмæст бирæ таурæгътæ сылгоймаджы уæлæдарæсы тыххæй нæ, фæлæ ма фæцалх хæрдгæбынтæ æмæ алдымбыдтæ кæныныл.

Ахуыр куы фæци, уæд фарны къах бавæрдта Дойаты хæдзармæ. Йе 'фсин Гиоты Нинæ куыста Национ музейы. Уым хæрзæрыгонæй кусын райдыдта Зæлинæ дæр. Куыд мысы, афтæмæй музейы базонгæ æмæ йæ дисы æфтыдтой амæй-ай рагондæр цыллæ хызтæ, кæлмæрзæнтæ, хæрдгæхуыдтæ, алдымбыдтæ, уафгæбыдтæ. Фæлæ йе 'фсины мад Гиоты Гатъинейы цыллæ кæлмæрзæн куы федта, уæд йæ зæрдæ уый уацары бахауд. Уæд ноджы фидардæрæй базыдта, сылгоймаджы алы сæрæмбæрзæн дæр сæрмагонд композицимæ гæсгæ нывæзт кæй цæуы, уый. Кæрмæрзæн нывæзт цæуы уазнысантæм гæсгæ. Йæ уæллаг хай у сæр, амоны уæларвон тыхты бынат, къухтæ, гуыр у зæхх — удæгæсты адæмы цæрæн, дарддæр цæуынц бынмæ, ома, дæлзæхмæ.

Зæлинæ кæд ирон орнаменты сусæгдзинæдты уазнысантæ сахуыр кодта, уæддæр йæ алы нывæфтыд куысты дæр искæй нæ, суанг йæхи дæр нæ фæзмы. Йæ алы ног куыстмæ дæр бахæссы йæ зæрдæйæ рацæугæ ногдзинæдтæ, æмæ сæ аивæй равдисынц йæ хæрзарæхст æнгуылдзтæ. 80-æм азты кæрон хæрзарæхст æнгуылдзтæ æмæ зæрдæйы рухсдæр уидæгтæ сиу сты бынтондæр, æмæ Зæлинæ поселок "Хуссайраджы" 8-æм скъолайы фæллойы урокты 18 азы дæргъы йæ фæлтæрддзинадыл ахуыр кодта скъоладзауты, уый фæстæ та фæсивæдон организаци "Арвайдæн"-ы кæстæрты. Æрмдæсныйы урокты лæвæрдта Дзæуджыхъæуы Дзанайты Азамбеджы номыл нывкæнынады училищæйы дæр.

1998 азæй фæстæмæ Зæлинæ иудадзыг кусы æмæ йæ зонындзинæдтæ, фæлтæрддзинад дætты Дзæуджыхъæуы Сывæллæтты эстетикон хъомылады центр "Сфæлдыстад"-ы фæсивæдæн.

"Сывæллон цымыдис у, кæд æмæ йæм цы фарст сæвзæрдзæн, уый бирæ хатт йæхæдæг дæр нæ



сфæлдыстады зарæггæнæг Цоколаты Екатеринæ, культурæйы министрады кусæг Дзуццаты Дзерассæ, Чехойты Аминæт æмæ бирæ æндæртæ.

Зæлинæйæ нæ рох кæны, йæ рæстæджы йын йæ цыллæ хызтæ кæфтыты ансамбл "Æрфæн"-ы разамонæг Мурасты Зæринæ куы федта, уæд, йæ зæрдæмæ куыд фæцыдысты æмæ æнæхъæн ансамблæн цыллæ хызтæ куыд скæнын кодта, уый. Уæдæ, ацал-ауал азы, Зæлинæ цы равдыстыты архайдта, æрмæст Ирыстоны нæ, фæлæ Мæскуы æмæ Уæрæсейы æндæр горæтты дæр, æмæ дзы алы ран дæр фыццаг бынæттæн цы хæрзиуджытæ райста, уыдонæн сæ нымæц хъуыды дæр нал кæны.

Йæ дæсныйад, йæ фæлтæрддзинад цæмæй адæм хуыздæр базоной, уый тыххæй 2006 азы рауагъта ахуыргæнæн методикон æххуысы чиныг "Аланыстоны æрмдæсныйы аивад". Уым Зæлинæ бæстон æвдисы ирон цыллæ касинкæ цæттæ кæныны техникæ. Уыцы æххуысы чиныг фæцыд адæмы зæрдæмæ, фæлæ, цы фæндæттæ æрвыстой йæ автормæ, уыдонмæ гæсгæ сæ уынын фæндыд æнгуылдзты архайд. Æмæ уæд Зæлинæ 2016 азы рауагъта ног ахуыргæнæн методикæйы æххуысы чиныг "Ирыстоны аивадон æрмдæсныйад". Уыимæ ис видеороликы цыппар урочы.

1. Касинкæ;
2. Хæрдгæбыд;
3. Алдымбыд;
4. Уафгæбыд.

Ацы чиныджы дæр автор тынг бæлвырд æмæ бæстонæй æвдисы аивадон æрмиады æппæты лыстæгдæр фæзилæнтæ.

Сыгъзæрин къухты хицау Дауыраты Зæлинæ йæ уды рухсæй тавы адæмы зæрдæтæ. Йæ конд цыллæ хызтæ, кæлмæрзæнтæ, коцораджын басылыхътæ, чындзы худтæ, хæрдæхуыдæй аивгонд сылгоймаджы хызынтæ, кæсæнцæстыты агъуыдтæ, цонгдарæнтæ, хъусцæджытæ æмæ хæрдоджытæ сæ лыстæг аив куыстæй сæхимæ æлвасынц адæймаджы, бафтауынц æй рухс æнкъарæнтыл.





фæзоны", — зæгъы Зæлинæ. — Уымæ гæсгæ сывæллæттимæ мæ алы фембæлдмæ дæр мæхи цæттæ фæкæнын ног æмæ ногæй. Уæлæдарæсы историйæ райдай æмæ, нæ архайды цыдæриддæр терминтæ æмбæлы иронау, уыдонæй фæу. — Зæлинæйы æрмдæсныйадмæ цымыдис кæнынц æрмæст сывæллæттæ нæ, фæлæ, хистæр кары сылгоймæгтæй дæр æрми чи уарзы, ахæмтæ. Йæ дæсныйадыл кæй сахуыр кодта, уыдонæй бирæтæ сæхæдæг дарддæр архайынц. Зæгъæм, республикæйы адæмон

**Ацы чысыл уац мæ Зæлинæйы тыххæй фæуын фæнды, куы йæ цæттæ кодтон, уæд, мæ зæрдæйы цы рæнхъытæ равзæрд, уыдонæй:**

**Мæ разы байгом ног дуне æххæст**
**Æрмиады нывæфтыдтæй æргомæй,**
**Йæ аивадæй не 'фсæды, нæ, цæст,**
**У зæрдæ райгонд рухс уды ыскондæй.**
**Хуымæтæг æндæхты хæрзбыд**
**Куыд райхалы зæрдæйы уаг æнцонæй,**
**Куыд ныррухс вæййы уды алдымбыд,**
**Цы цинтæ хæссыс адæмæн æргомæй,**
**Цы рæвдыдæй сын асурыс сæ тыхст.**
**Æрыздæхæнт дæм уыцы хæрзтæ ногæй,**
**Фæсурæд дын дæ сагъæс æмæ рыст.**

**КАСАТЫ Батрадз**

Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Хъæбысхæсты бæрæгбон Дзæуджыхъæуы

**Дзæуджыхъæуы Хъуылаты Базийы номыл спортивон галуаны æртæ боны, 27-29 июлы хъæбысхæстæй цы цымыдисаг ерыстæ цыдысты, уыдон рауадысты стыр спортивон бæрæгбонау.**



"Поддубныйы хъæбысхæсты лигæ"-йы "Адæмты лымæнады Кубок"ы спортивон хъæбысхæсты дунеон ерыстæм цæттæ кæныны фæдыл сæ хъару æмæ арæхстдзинад æвдыстой цыппæрдæс бæстæйы тыхджындæр богæлттæ.

Фыццаг дыууæ боны "Адæмты лымæнады Кубок" рамбулыныл ерысы бацыдысты уæгъдибар хъæбысхæсты богæлттæ. Уым гауызмæ чи рацыд, уыдоны 'хсæн уыдысты, дунейы æмæ Олимпиаг хъæзтыты чи фесгуыхт, ахæм къорд спортсмены. Ирыстойнаг лæппутæй кæронбæттæны ерыстæм рацæуын бантыст цыппарæн.

Тынг сæрæнæй сæхи равдыстой: **Гобаты Артем** (57 кг), **Сидахъаты Зауырбег** (74 кг), **Найфонты Артур** (86 кг), **Багаты Алан** (92 кг).

Не 'ппæты рогдæр уæзы хæцæг Гобаты Артем фæуæлахиз æртæ ныхмæлæууæгыл æмæ кæронбæттæны фембæлд **Рашид Гамзатовимæ**, Сидахъаты Зауырбег дæр æнæкъуыхцыйæ рамбылдта йе 'ртæ ныхмæлæууæгимæ фембæлдтытæ æмæ кæронбæттæны 1-аг бынатыл ерысы фембæлд **Тимур Бижоевимæ**. Æртæ тыхджын ныхмæлæууæджы рамбулын бантыст Найфонты Артурæн дæр. Уæлдай зындæр рамбулæн уыди ирайнаг богал **Хабиб Вафаипоюры**, фæлæ ам дæр Артур фæуæлахиз 3:1 хыгъдæй. Кæронбæттæны йæ ныхмæлæууæг уыди уæрæсейаг тыхджын богал **Аманула Гаджимагомедов.**

92 кг онг уæзы Багаты Аланæн цы 'ртæ ныхмæлæууæджы уыди, уыдонæй уæлдай зындæр рамбулæн уыди æрдæгкæронбæттæны. Ам ын тыхджын ныхкъуырд лæвæрдта ирайнаг богал **Амир Фироузпоурба**, фæлæ Аланæн бантыст ацы фембæлд 7:4 хыгъдæй рамбулын.

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ сбæрæг сты знон изæрæй.

Æрдæгкæронбæттæны хæстæг уыд рамбулынмæ 61 кг онг уæзы **Тауытты Чермен.** Сæ фембæлд **Башир Магомедовимæ** ахицæн 1:1 хыгъдæй, фæлæ, фæстаг балл Магомедовæн лæвæрд кæй æрцыд, уый фæдыл уæлахиз дæр лæвæрд æрцыд уымæн.

Тынг цымыдисаг рауад æрдæгкæронбæттæны 97 кг онг уæзы Олимпиаг хъæзтыты дыууæ хатты уæлахиздзау **Абдулрашид Садулаев** æмæ **Кодзырты Сергейы** фембæлд. Кодзыры-фырт тыхджын ныхкъуырд радта Садулаевæн, æмæ сæ ныхмæлæуд 3:2 хыгъдæй ахицæн Абдулрашиды пайдайæн.

Абон "Поддубныйы хъæбысхæсты лигæ"-йы ерыстæ цæуынц грекъагромаг, сылгоймæгтæ æмæ уæгъдибар хъæбысхæстæй хицæн спортсменты 'хсæн. Ацы фембæлдты архайынц къорд хъуыстгонд богалы.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

# Дзырдбыд

**ФÆРСЫРДÆМ:** 3. Æрдзон фæзынд. 8. Хылы-мылы рагъамад. 9. Адæймаджы зæрдæйы уаг. 10. Цæугæдон Саратовы облæсты. 11. Хъæдгуыстгæнæджы кусæнгарз. 12. Æхцайы бæрц. 13. Къостайы æмдзæвгæ. 19. Зæххыл æппæты стырдæр маргъ. 20. Сæрачы хуыз. 22. Хъæдын похци. 23. Уынджы хай. 24. Республикæ Уæрæсейы. 25. Уырынгон. 26. Ирон фыссæджы ном. 28. Районы центр Хуссар Ирыстоны. 29.Горæт Казахстаны. 31. Грамматикон хауæн. 33. Мæнгард ми. 37.Къуырийы бонтæй иу. 39. Бæлас. 40. Сакъадах Латинаг Америкæйы. 41. Горæт Удмурты Республикæйы. 42. Дунейы æппæты стырдæр цæугæдон. 43. Фыдцъылыз, æнæбасæттон.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Ныстуан. 2. Дарчиты Дауыты поэмæ. 3. Мард. 4. Европæйы паддзахæдтæй иуы сæйраг горæт. 5. Цыхтытæ æвæрæн. 6. Арсы хуыкком. 7. Хъайтар. 13. Аразæджы дæсныйад. 14. Къахы хай. 15. Низы ахаст. 16. Афæдздзыд сæгъ. 17. Литературон уацмыс. 18. Хъуымацы хуыз. 19. Рæстæг æвдисæг. 21. Бæсты нæ цæуын. 27. Хæдзарон маргъ. 28. Фыдыфыд, мадыфыд. 30. Иу æфсады æфсæддон иннæйы къухы. 32. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 34. Фæзминаг. 35. Фосы къорд. 36. Сæрибар. 38 Стыр судзин. 39. Уазал.



**Дзуаппытæ 22 июлы мыхуыргонд дзырдбыдæн**

**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Булкъон. 8. Амæнтгæ. 11. Фæрак. 12. Тузар. 13. Рæтæнагъд. 17. Хъæпæн. 20. "Бæркад". 21. Сывылдз. 22. Цыллæ. 23. Æвзар. 24. Гæлир. 25. Æнтæф. 26. Далыс. 29. Тъепа. 31. Галæгон. 32. Дамаск. 33. Камари. 37. Сæрбæттæн. 41. Аллах. 42. Фындз. 43. Быдыргъ. 44 Аргъуан.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Цупал. 2. Къæлæт. 3. Анапæ. 4. Захъа. 5. Цæукъа. 6. Агъуд. 9. Фæткъуы. 10. Дамбаца. 14. Нæмыг. 15. Хæрæгсаст. 16. Уæлæфтуан. 18. Мысираг. 19. Удæнцой... . 27. Анауыли. 28. Зæрдæ. 30. Пырындз. 34. Цæхæра. 35. Бæлæгъ. 36. Задын. 38. Бæгъа. 39. Теман. 40. Быран.

Проект

# Мæсгуытæ ногæй араздзысты

**Портал "Это Кавказ" куыд фехъусын кодта, афтæмæй Цæгат Кавказы федералон зылды æххæст кæнын райдыдтой проект "Хæлардзинады маяктæ. Кавказы мæсгуытæ"-йы ног рад.**



Ацы аз æппæт бæстæйæ бархионтæ Цæгат Ирыстон, Мæхъхъæл æмæ Дагестаны мæсгуыты комплекстæ ногæй араздзысты. Рады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, бархионты алы къорд дæр проекты экспедицийы хи хайы къæпхæнты тыххæй цыбырметражон киноныв сисдзæн.

**Нæ уацхæссæг**


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

ХЪУСЫНГÆНИНАГ

Мыггаджы чиныг рауадзыны тыххæй курæм ХЪАЙТЫХЪТЫ мыггаджы минæвæрттæй, уæ хуызистытæ æмæ бинонты историтæ дæдтут Мыггаджы советмæ.
Тел.: 8-918-822-24-73, 8-922-787-77-35.

ХЪУСЫНГÆНИНАГ
30 июлы, хуыцаубоны,
Црауы хъæуы уыдзæн Хуыцауы Дзуары бон.
Бæрæгбонмæ хуынд цæуынц, куыд Црауы хъæуæй рацæуæг адæм,
афтæ æппæт адæм дæр,
йæхи Хуыцауы дзуæрттæ æмæ дауджытыл бафæдзæхсын кæй фæнды, уыдон.
Уæ хорзæхæй, саккаг кæнут!



Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03



Номыры радхæссæг редактор — **Цæгæраты Эльмирæ.**
Рауагъды редактор — **Гапбаты Алетæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шефредактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3113.
Заказ № 883.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.



**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**